CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #८८

१३ ।९ ।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## सरकारद्वारा कोभिड - १९ विरुद्धके खोप एलाके बाद खोप लगाबके प्राथमिकता निर्धारण

### जम्मा खोप लगाबवलाके जनसंख्या (कुल संख्याके ७२%) २ करोड १६ लाख

**पहिलो चरण**

अग्रपंक्तिमे खटवला स्वास्थ्यकर्मी आ कोभिड संक्रमणके रोकथाम आ ईलाजके व्यवस्थापनमे खटल व्यक्तिसभ

*करिब ९ लाख ११ हजार जनसंख्या*

**दोस्रो चरण**

ज्येष्ठ नागरिकसभ (५५ वर्षसँ उपर) आ दिर्घ रोगी

*करिब ५१ लखजनसंख्या*

**तेस्रो चरण**

४० वर्ष सँ ५४ वर्ष उमेर समुहके व्यक्तिसभ

*करिब २९ लाख जनसंख्या*

**अन्तिम चरण**

१५ वर्ष सँ ३५ वर्ष समुहके व्यक्तिसभ

*करिब १ करोड २७ लाख जनसंख्या (४२%)*

स्रोत: https://cutt.ly/uh4Mlqk

## नेपाल अपडेट



बराहताल गाउँपालिका-२ स्थित गिरीघाटमे रहल बाईढ पीडित शिविरके अस्थायी विद्यालयमे विद्यार्थीसभ

चित्र: सिता वली

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १९,१५,२३२


पोजेटिभ: २,५८,८४०

उपचाररत: ६,४२७

मृत्यु : १,८३२

सन्चो भएका : २,५०,५८१






accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



आब निजी अस्पतालमे कोरोनाके परीक्षण तथा ईलाज कराबवला केहनो बिमारीके ईलाज खर्च सरकार नै देतै ।

अईसँ पहिले सरकारसँ मान्यता भेटल कोभिड अस्पताल मे सँ मेडिकल कलेज बाहेक सब निजी अस्पतालके  दोसर व्यवस्था जारी नै भेलातकके लेल सूचीसँ हटाएल गेल छै । ओई अस्पतालमे पुष १२ तक भर्ना भल १० दिनतक ईलाज कराबवला संक्रमितसभके ईलाजके एवजके पैसा स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयसं प्राप्त करतै । सरकारी प्रयोगशालासभमे परीक्षण कर बाँकी नमुना मन्त्रालयसँ सोधभर्ना दै तेना क नीजि प्रयोगशालासभमे परीक्षण केने करनेपर २०७७ पुष १२ गते सँ दोसर व्यवस्था नै भेलातकके लेल अई तरहके नीजि प्रयोगशालामे परिक्षण करवला काम रोक सेहो सरकार निर्देशन देने छै ।


स्रोत: https://cutt.ly/uh4MIqk



सरकारद्वारा श्रमिकसभके बीमा कलरहल छै कहादन । केहन श्रमिकके लेल, कते समयके लेल आ कतेक पैसाके बीमा करतै ?

प्रधानमन्त्री रोजगार कार्यक्रममे रोजगारीमे खटल श्रमिकके लेल सरकार सामुहिक बीमा कलरहल छै । मृतक दुर्घटना बीमा, दुर्घटनाजन्य कारणसँ उत्पन्न अपांगता तथा अशक्तता बीमा आ दवाई ईलाज बीमा समेतके समावेश केने बीमा सात लाख तकके हेतै । २०७७ पुष १ गते सँ २०७८ आषाढ अन्त्यतक सात महिना अवधी रहवला बीमा, रोजगार व्यवस्थापन सूचना प्रणालीमे सूचिकृत भेल मे सँ रोजगारीमे खटल २ लाख श्रमिकके लेल हेतै ।

स्रोत: https://www.mofaga.gov.np/news-notice/2257



नेपालमे सेहो आब जल्दिये कोरोनाके खोप एतै कहिक हल्ला छै ।

नेपालसँगे सहकार्य करैत बहुतोरास खोपके कार्यक्रमसभमे सहयोगी ग्लोबल एलायन्स फर भ्याक्सिन एण्ड ईम्युनाईजेशन (गाभी) सँ अलगे कोरोनाके खोप नेपालमे आब सकत तै तैयारी अवस्था रह नेपाल सरकारके जानकारी करेने छै । विश्वमे खोप बनवला चरणसभसंगे गाभी नेपालके तैयारी अवस्थामे रह सन्देश पठेने छै । अखन भेल तैयारी देखला सँ आगामी मार्चतकमे कोभ्याक्स सँ खोप उपलब्ध कराब सकत से समाचार आबिरहल समयमे गाभी नेपालके तैयारी अवस्थामे रह आग्रह केला संगे नेपाल सरकार एकरा गम्भीरतापूर्वक ललक आगु बढल छै ।

स्रोत: डा.समिरकुमार अधिकारी, सह-प्रवक्ता, स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय



नेपालसँ विदेशमे रहल नेपालीसभ कोरोना संक्रमण सँ बेसी प्रभावित छै कहैत छै त ?

विदेशमे कोरोना भाइरससँ संक्रमण होबवला नेपालीके संख्या उल्लेख्य छै । गैरआवासीय नेपाली संघ  (एनआरएनए) अन्तर्गतके  स्वास्थ्य समितिके तथ्यांक अनुसार २०७७ पुष ११ गते शनिदिन साँझतक विदेशमे ५२ हजार ८ सय ७२ कोई नेपालीमे कोरोना संक्रमण देखाएल छै  तै मे सँ ४९ हजार ८ सय ९२ कोई कोरोना मुक्त भेल छै । कोरोना भाईरसके कारण नेपालमे १ हजार ८ सय १९ कोईके मृत्यु भेल छै त, नेपाल बाहर २१ देशमे ३ सय १२ कोई नेपालीके मृत्यु भेलछै ।

स्रोत: https://cutt.ly/Ph4L9oF

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ






COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ


३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| | साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| नेपाली | ३,३४,४५१ | ७१,१९३ | २६,००० | ४,०६,९१७ | २,२४,९०५ | १७,०५७ | ५००,००० | ३८,८६२ |
| संक्रमित | ३,६२,२२० | १,४९,६५३ | ९१,७३३ | १,४३,०६२ | २,०१,८३६ | १,२८,४७२ | १,०५,०९६ | ५७,६८० |
| नेपाली संक्रमित | ५,२५० | २,१५० | ४५१ | २७,४१२ | ४,५०० | ३०० | ८१ | २७ |
| मृत्यु भएका नेपाली | ८४ | १२ | ३ | १८ | ३९ | १ | | |




- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## यूएईसँ किछ महत्वपूर्ण जानकारीसभ



१. अबुधाबी प्रवेश बोर्डरमे १८ टा कोभिड - १९ परिक्षण केन्द्र राखल छै जै सँ आबके दिनमे ईमिरेट्ससँ आबुधाबी प्रवेश केनाई जल्दि आ आसान हेतै ।



२. नयाँ नियम अनुसार ३० कोई सँ बेसीकोई जम्मा भलक पार्टी केलापर, पार्टी करवला आ सहभागी होबवला दुनुके सजाय हेतै । एना पार्टीके आयोजना करवलाके ५० हजार दिरहाम जरिवाना तोकलगेल छै त, एहन पार्टीमे सहभागी मात्रे होब गेल अवस्थामे सेहो १५ हजार दिरहाम जरीवाना तिर परत ।



३. अबुधाबीमे बस सेवा प्रयोग करैतकाल सामाजिक दूरीके प्रयोग नै केने भेटलापर ३ हजार दिरहाम जरिवाना तोकलगेल छै । तै सँ बसके प्रयोग करकाल निर्धारित सिट मात्रे प्रयोग करब ।



४. नयाँ वर्ष २०२१ के अवसरमे रास खल खैमासँ यातायात जरिवाना परलके छुटके लेल अपन म्याद बढाओलगेल छै । सात दिनके लेल देलगेल एकर अवधी बढाक २३ डिसेम्बर तक बनाएलगेल छलै त, अखन एकरा जनवरी ३ तारीखतक बढाएलगेल छै ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय **(8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight)** मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००


क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## भगवतीमाई गाउँपालिकाके २०७७ आषाढ अन्त्यतकके कोभिड - १९ सम्बन्धी आम्दनी आ खर्चके विवरण

| | |
|---|---|
| रु. ९,३२,२०० | प्रकोप व्यवस्थापन कोषमे वितल वर्षके बाँकी |
| रु. ५४,०८,००० | गाँउपालिकासँ कोषमे जम्मा |
| रु. ५५,४२० | चालु खर्च शिर्षकसँ खर्च |
| रु. ७,८४,७७५ | नेपाल सरकार |
| रु. १५,००,००० | कर्णाली प्रदेश सरकार |
| रु. ५१,४२० | साहस नेपाल |
| रु. २२,००० | शशर्त कार्यक्रम युनिसेफ |
| रु. ९१,१९० | सिविओएफ |
| रु. ५०,००० | प्रभु वैंक भगवतीमाई शाखा |

| रु. ८८,९५,००५ | जम्मा आमदानी | जम्मा खर्च | रु. ८७,५९,६८४ |
|---|---|---|---|

| | |
|---|---|
| क्वारेन्टीन निर्माण | रु. १५,०६,७०९ |
| क्वारेन्टीनमे प्रयोग होबवला सामान किन | रु. १,००,००० |
| क्वारेन्टीनमे रहवलाके खाना खर्च | रु. १२,१८,४४८ |
| आइसोलेसन बनाब तथा तैयारी | रु. ५,६२,२७२ |
| आइसोलेसन व्यवस्थापन खर्च | रु. ४,००० |
| आइसोलेसन खाना खर्च | रु. ४१,५३४ |
| दवाई | रु. २,७४,७५६ |
| दवाई जेहन सामान किन | रु. १०,९७,७८४ |
| स्वास्थ्य उपकरण | रु. ८,९५,९०१ |
| जोखिम भत्ता | रु. ७,७०,५६९ |
| यातायात खर्च | रु. ४,७४,५३५ |
| आरो (भन्सिया, क्वारेन्टीन सुरक्षा, राहत, प्रचारप्रसार) | रु. १८,१५,१७६ |

भगवतीमाई गाउँपालिका सुर्खेतसँ २०७७ आषाढ अन्त्यतक ऊ कोभिड - १९ सम्बन्धी आम्दनी आ खर्चके विवरण सार्वजनिक केने छै । उपरके रेखाचित्र सँ पालिकामे भेल आम्दनी केने करिब सब पैसाके ओही आर्थिक वर्ष भितर खर्च केने छै । सामुदायिक संघसंस्था आ प्रभु बैंक सँ सेहो सहयोग केनाई अपनाआपमे सकारात्मक पक्ष छै । खर्च शिर्षक सेहो स्पष्ट रुपमे उल्लेख भेला सँ प्रश्न करके जगह नै देखाईत छै । पालिका सबसँ बेसी क्वारेन्टाईन बनाब, व्यवस्थापन आ संचालनमे केने छै । तैके बाद बहुते खर्च स्वास्थ्य उपकरण आ दवाई किनमे भेल देखाईत छै । आरो शिर्षकमे बहुते खर्च भेल देखाईतो कथिमे खर्च भेल छै कहिक स्पष्ट उल्लेख कएलगेल छै । तसर्थ, भगवतीमाई गाउँपालिका सँ सार्वजनिक केने आम्दनी तथा खर्चके ढाँचा आरो पालिकाके लेल नमूना होब सकैय ।

नोट: हाम्रो उद्देश्य सरकारले गरेको राम्रो काम र छुट्याएको बजेटको बारेमा सबैलाई जानकारी होस र सो पश्चात यस विषयमा नागरिक र अन्य सरोकारवालाको बिचमा छलफल भई सरकारलाई प्रयाप्त पृठपोषण प्राप्त होस् भन्ने हो । यहाँ प्रस्तुत विवरण पूर्ण हैन । उपलब्ध माध्यमबाट संग्रह गरी राखिएको हो । थप सही तथ्यांक संकलन गरी परिमार्जन गर्दै जानेछौँ । यसमा सबैले सहयोग गरिदिनुहुन अनुरोध गर्दछौँ ।

accountabilitylab NEPAL

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस



## निर्मला भट्टराई

उपाध्यक्ष, माथागढी गाउँपालिका, पाल्पा

"शुरुमे कोरोनासँ बहुते ठडर लागल । ३ बेटी १ बेटा आ घरवला समेत ६ कोईके परिवारके सुरक्षित राखके लेल व्यक्तिगत सुरक्षाके बेसी ध्यान देलौ । अपने सचेत होईत पालिका भितर नागरिकके सचेतना अपनाब आग्रह केलौ । पालिका भितर ६० कोई संक्रमित भेल, ओई मे सँ २ कोईके मृत्यु भेल । ८ ओ टा वडामे क्वारेन्टाइन बनेलकै, लेकिन अखन क्वारेन्टाईन नै छै । करिब १ हजार परिवारके राहत वितरण करके काजमे लगातार खटलौ । अखन चिकित्सक सहितके एकान्तवास केन्द्र तैयारी अवस्थामे राखलगेल छै । जोखिमके संम्भावना यथावत रहला सँ सचेतना अपनाब विभिन्न माध्यम मार्फत काम करहल छी ।"

## सुरेन्द्र श्री

प्रवक्ता, तिलोत्तमा नगरपालिका, रुपन्देही



"नगरपालिकामे अखनतक १५१७ कोईमे संक्रमण पुष्टि भेलै । ओई मे सँ, २८ कोईके मृत्यु भेलै । नगरपालिका भितर ८६ कोई अखनो घरेमे एकान्तवासमे छै । हुनकासभके हौसला बढाब, आयुर्वेदिक दवाईसभ वितरण केनाई, स्वस्थ्य आहारविहारके विषयमे सचेतना देबवला काजमे खटिरहल छी । जनप्रतिनिधि भेला सँ प्राप्त जिम्मेवारीके निर्वाह करैत घरमे रहल ७२ वर्षिय बाबुजी, ३ वर्षिय बेटा, आ घरवालीके संक्रमणके जोखिम होब नै देबके दायित्व यथावत छै । व्यक्तिगत स्वास्थ्य सुरक्षाके उपायसभ अपनाबैत छी । शुरुवाती अवस्थामे जेहना त्रास आ भय अखन हैटतो संक्रमणके सम्भावना मुदा उच्चे छै ।"




## धर्मराज भण्डारी

प्रहरी नायव उपरीक्षक, जिल्ला प्रहरी कार्यालय, कपिलबस्तु

"कपिलबस्तुमे ९० किलोमिटर सँ बेसी खुल्ला सिमाना भेलाके कारण भारत सँ लुकाछिपी नेपाल प्रवेश करवलासभके नियन्त्रण केनाई कठिन छै । मुह ढकनी नै लगाबवला, भौतिक दूरीके ध्यान नै देबवला प्रवृती बेसी छै । जिलाके दक्षिण भागमे स्वास्थ्य चेतना कम भेटला सँ सेवाग्राही केन्द्रित अभियान चलारहल छी । आरोके सचेत बनाब कृयाशिल भेला सँ आश्विनके पहिल सप्ताह अपने लक्षण सहितके संक्रमित भेलौ । बहुतेके निक भेला सँ अपना सेहो निक भल्जाएत तै मे निश्चिन्त छलौ । लेकिन तैया, भितरे भितरे डर लागिरहल छल । १४ दिनबाद निक भेल ।"

सही सूचना

# ऋगाहन २३ गते सँ पौष १२ गते तक बागमती प्रदेशमे कोभिड - १९ के दैनिक संक्रमितके संख्या





उपरके रेखाचित्रमे अगहन २३ गते सँ पुष १२ गतेतक बागमती प्रदेशमे कोभिड - १९ के दैनिक संक्रमितके संख्याके देखाएल गेलछै । अई अवधीमे दैनिक नयाँ संक्रमितके संख्या आधा सँ घटल छै । अगहन २३ गते नयाँ संक्रमितके संख्या ७३१ रहला मे पुष १२ गते ई संख्या २५४ पुगल छै । हालसाले के महिनाके देखबै त, बागमती प्रदेश, तहुमे सेहो विशेष कऽक काठमाण्डौ उपत्यका कोरोना संक्रमणके केन्द्र बिन्दु छलै । अखन सरकारके न्यून बन्देज संगे जनजीवन सामान्य अवस्थामे आएल छै । अई सँ कोभिड - १९ के संक्रमण फैलके रफतार घटल छै शुभ संकेत दैत छै । यद्यपी, सरकारके अई आंकडाके आधिकारिकता पुष्टि केनाई जरुरी छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दऽक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।



**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219